

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan unggal jalma pasti silih mikabutuh sabab manusa mangrupa mahluk sosial anu sapopoéna tangtu moal leupas tina komunikasi. Dina komunikasi manusa salah sahijina ngagunakeun basa. Ieu hal saluyu jeung nu diébréhkeun ku Chaer & Agustina (2010, kc. 11) yén basa téh mangrupa alat komunikasi nu pangsampurnana, dibandingkeun jeung alat komunikasi lianna; kaasup ogé alat nu digunakeun ku sato.

Kitu deui, kahirupan masarakat Sunda, masarakat Sunda nyaéta masarakat anu gedéna di lingkungan sosial, norma-norma jeung ajén-ajén budaya Sunda (Sudaryat, 2015, kc. 15). Dumasar pamadegan di luhur geus sakuduna masarakat Sunda nalika nyarita kuduna mah maké basa Sunda jeung basa Sunda salaku basa indungna. Basa indung mangrupa basa kahiji anu diajarkeun ku indung ka budakna. Luyu jeung pertélaan Chaer & Agustina (2010, kc., 81) yén basa indung nyaéta hiji sistim linguistik nu mimiti diajarkeun sacara alamiah ku indung atawa kulawarga budak. Basa indung ogé disebut basa kahiji (disingget B1) sabab éta basa nu kahiji diajarkeun.

Minangka basa indung, basa Sunda téh mibanda kaidah tatakrama basa. Ari tatakrama basa Sunda ngaguar ngeunaan ragam basa nu digunakeun, saha panyaturna, saha mitra caturna, naon nu diguarna, di mana tempatna jeung iraha waktuna, naon tujuanna sarta kumaha situasina (Sudaryat, 2015, kc. 230-231).

Nurutkeun Sudaryat (2015, kc. 238) loba rumaja Sunda, malah mah jalma nu geus sawawa ogé nu nyingkahan maké basa Sunda ku sabab ayana tatakrama basa, nu antukna leuwih milih basa Indonésia. Anggapanna yén basa Indonesia leuwih demokratis sabab teu wanoh tingkatan basa. Sikep basa ieu nu ngahambat tumuwuhna jeung mekarna basa Sunda ayeuna. Sakumaha nu ditélélakeun ku Sudaryat di luhur, budak jaman ayeuna geus kurang pisan dina ngagunakeun basa Sunda. Ningali pénomena nu aya di masarakat kiwari, boh ditingali sacara langsung boh dina média sosial budak jaman ayeuna geus teu pati maliré kana

tatakrama basa Sunda. Budak jaman ayeuna leuwih reueus nalika nyarita ku basa Indonesia atawa basa Sunda kasar. Ieu hal kudu jadi motivasi pikeun numuwuhkeun rasa miboga karep pikeun ngagunakeun tatakrama basa Sunda nalika nyarita, sangkan tatakrama basa Sunda henteu leungit.

Kiwari, masarakat leuwih sering ngagunakeun basa Indonésia salaku basa sapopoéna. Malah mah aya sabagéan masarakat nu ngagunakeun basa Indonesia jeung basa Sunda salaku basa sapopoéna atawa disebut interférénsi. Salah sahiji contona di daérah Bandung nu disebut daérah Tatar Sunda, loba masarakat nu ngagunakeun basa Indonésia jeung basa campuran nyaéta basa Indonesia jeung basa Sunda, padahal daérah Bandung téh kaasup di Tatar Sunda. Ieu hal ogé nu nyababkeun kurangna tatakrama basa nalika nyarita. Ku kituna, geus sakuduna masarakat Sunda maké basa Sunda salaku basa indungna jeung ngagunakeun tatakrama basa Sunda nalika nyarita.

Panalungtikan ngeunaan pangaruh basa indung kungsi dilaksanakeun saacanna, di antarana waé :*“Pengaruh Basa Indung kana Karakteristik Siswa SMPN 1 Cisarua Bogor”* ku (Ana Ratna Komala) taun 2009. Éta panalungtikan téh ngaguar kumaha pangaruh basa indung kana karakteristik siswa. Ieu panalungtikan nu rék dilaksanakeun ogé ngulik pangaruh basa indung kana kahirupan siswa, tapi aya bédana nyaéta pangaruh basa indung kana tatakrama basa.

“Pengaruh Makéna Basa Indung Di Lingkungan Kulawarga Kana Prestasi Diajar Nyarita Basa Sunda Siswa Kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung” nu ditalungtik ku Fuji Arti Nugraha taun 2008 anu ngaguar kumaha pangaruh basa indung kana prestasi diajar nyarita basa Sunda siswa.

“Korélasi Antara Makéna Basa Indung Di Lingkungan Kulawarga Jeung Motivasi Diajar Basa Sunda Siswa Kelas VII SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajar 2012-2013” ku Elvina Ratnasari taun 2013, *“Pengaruh Basa Di Kulawarga Kana Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda Siswa SMP Negeri 1 Katapang”* ku Mia Tresnawati taun 2013, *“Korelasi Antara Makéna Basa Indung Jeung Préstasi Diajar Nulis Surat Basa Sunda Siswa Kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang”* ku Pendi Permana taun 2013.

Panalungtikan nu ayeuna dilaksanakeun ogé medar ngeunaan pangaruh basa indung atawa B1 ka siswa, tapi kana tatakrama siswa dina maké basa Sunda. Panalungtikan sarupa kieu can kungsi dilaksanakeun jeung sakumaha hasil obsérvasi panalungtik salila prosés ngajar atawa komunikasi langsung ka siswa kelas 8-8, rupa-rupa réspón siswa nalika diajak komunikasi atawa nyarita maké basa Sunda malah mah loba siswa nu leuwih milih nyarita atawa ngajawab maké basa Indonesia, ieu hal nu ngabalukarkeun rasa kapanasaran panalungtik pikeun nalungtik siswa kelas 8-8. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Pengaruh Basa Indung kana Tatakrama Basa Sunda Siswa Kelas 8-8 SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2016/2017” téh dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah anu geus dipedar aya sababaraha masalah anu muncul dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. Kasang tukang basa indung di kulawarga,
- b. Kabiasaan maké tatakrama basa Sunda, jeung
- c. Kaweruh siswa kana tatakrama basa Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana identifikasi anu geus dipedar di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun saperti ieu di handap:

- a. Kumaha basa Indung siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung?
- b. Kumaha kaweruh tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung?
- c. Kumaha makéna tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung?
- d. Kumaha pangaruh basa indung kana tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum nyaéta pikeun ngaronjatkeun paélmuan dina widang basa jeung mikanyaho sarta ngadéskripsikeun pangaruh basa indung kana tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- a. Basa indung siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung;
- b. Kaweruh tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung;
- c. Makéna tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung;
jeung
- d. Pangaruh basa indung kana tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipihareup bisa mekarkeun élmu pangaweruh dina widang basa jeung lingkunganana (sosiolinguistik), hususna ngeunaan basa indung jeung tatakrama basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipihareup bisa méré informasi ka guru pikeun bahan ajar basa Sunda di Sakola.
- b. Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh dipihareup bisa ngahudang siswa sangkan maké tatakrama basa Sunda nalika nyarita.
- c. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan dipihareup bisa nambahan kaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda.
- d. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipihareup bisa nambahan élmu pangaweruh jeung ngaliwatan ieu prosés panalungtikan, panalungtik bisa nyugemakeun rasa kapanasaran pangaruh basa indung kana tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung.

1.5 Raraga Tulisan

Sanggeus meunangkeun data jeung réngsé dianalisis, tuluy disusun laporan dina wangun skripsi, anu kabagi jadi lima bab, nyaéta:

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, Raraga Mikir; eusina ngeunaan tiori-tiori anu patali jeung panalungtikan nu dilaksanakeun, panalungtikan sarupa nu kungsi dilaksanakeun, raraga mikir sarta hipotésis panalungtikan.

Bab III Métoheu Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumen ngumpulkeun data jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina nganalisis, ngadéskripsikeun data sarta hasil panalungtikan

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung saran ngeunaan panalungtikan satuluyna.